

2023



SERI ENFÒMASYON POU PARAN YO  
Sèvis Edikasyon Espesyal nan Maryland:

# Pwogram Edikasyon Endividyèl la (IEP)

Pwosis  
Edikasyon  
Espesyal

Dwa Paran

Konprann IEP a

Tranzisyon  
Segondè



## ENTWODIKSYON

Yon **Gid Paran pou Sèvis Edikasyon Espesyal nan Maryland fè pati Seri Enfòmasyon pou 21 Paran Maryland yo (Maryland Birth to 21 Parent Information Series)**, yon koleksyon piblikasyon ki fèt pou sipòte fanmi yo nan sistèm sèvis edikasyon espesyal nan Maryland lan. Ti liv sa a pral diskite sou chak seksyon IEP a epi ede fanmi yo patisipe totalman nan pwosesis pou devlope, analize, ak revize IEP pitit yo.

# TAB MATYÈ

paj 4

**Patisipasyon Paran yo Nan Pwosesis Edikasyon Espesyal la**

---

paj 5

**Sa Lalwa Di**

---

paj 6

**Pwogram Edikasyon Endividyalize a (IEP)**

---

paj 16

**Yon Lis Kontwòl pou Paran yo**

---

paj 18

**E Si Mwen Gen Kèk Kesyon oswa Mwen Bezwen Èd?**

---

Pou plis enfòmasyon, vizite nou sou  
**[www.marylandpublicschools.org](http://www.marylandpublicschools.org)**



## Patisipasyon Paran yo Nan Pwosesis Edikasyon Espesyal la



**Patisipasyon paran an nan edikasyon pitit yo mennen nan pi gwo siksè.** Sa a espesyalman enpòtan lè li kesyon de timoun ki kalifye pou edikasyon espesyal. Edikasyon espesyal ka pi efikas lè paran yo gen bon opòtinite pou patisipe nan edikasyon pitit yo, travay an kolaborasyon epi asosye yo ak lekòl la.

Moun ki ekri Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)], lwa ki gouvènè edikasyon espesyal, te ekri “ke edikasyon timoun ki gen andikap yo ka pi efikas lè yo... ranfòse wòl ak responsablite paran yo epi asire ke fanmi yo... gen bon jan opòtinite pou patisipe

nan edikasyon pitit yo nan lekòl ak lakay yo” (PL 108-446 (5)(B)). Li enpòtan pou paran yo ak fanmi yo se asosye aktif nan edikasyon pitit yo.

Pandan tout pwosesis edikasyon espesyal la, paran yo dwe fè pati ekip k ap pran desizyon konsènan edikasyon pitit yo. Paran yo konnen pitit yo pi byen epi yo gen bonjan enfòmasyon pou pataje ak lòt manm ekip pitit yo.

Ekip la pral travay ansanm pou devlope yon pwogram ki fèt pou satisfè “bezwen inik elèv la” epi ede yo reyisi nan anviwònman lekòl la.



## Kisa yon IEP ye?

Yon IEP se yon deklarasyon alekri pou yon timoun ki gen yon andikap ke yo devlope, analize, ak revize nan yon reyinyon an akò ak 34 CFR §§300.320-300.324, epi ki dwe gen ladan:

- Yon deklarasyon sou nivo akonplisman akademik aktyèl ak pèfòmans fonksyonèl timoun lan;
- Yon deklarasyon sou objektif anyèl mezirab, ki gen ladan objektif akademik ak fonksyonèl yo;
- Yon deskripsyon sou fason yo pral mezire pwogrè timoun nan pou l atenn objektif anyèl yo ak ki lè y ap bay rapò peryodik sou pwogrè timoun nan ap fè pou li atenn objektif anyèl yo;
- Yon deklarasyon sou edikasyon espesyal la ak sèvis ki lye yo ak èd ak sèvis siplemantè yo dwe bay timoun nan, ak yon deklarasyon sou modifikasyon pwogram nan oswa sipò yo pral bay pèsonèl lekòl la;
- Yon eksplikasyon sou mezi, kote, si genyen, timoun nan p ap patisipe ak timoun ki pa andikape yo nan klas regilye a ak poukisa;
- Yon deklarasyon sou aranjman endividyèl apwopriye yo;
- Si ekip IEP a detèmine timoun nan pral patisipe nan evalyasyon altène a olye de evalyasyon regilye a, yon deklarasyon sou rezon ki fè evalyasyon an apwopriye pou timoun nan;
- Sèvis tranzisyon yo mete ajou chak ane yo apati laj 14 an; epi
- Deklarasyon transfè dwa yo nan laj majorite.

### KIYÈS KI YON PARAN? 34 CFR §300.30

#### Paran vle di

- Yon paran byolojik oswa adoptif yon timoun;
- Yon paran adoptif, sof si lalwa Eta a, règleman yo, oswa obligasyon kontra ak yon Eta oswa yon antite lokal entèdi yon paran adoptif aji kòm yon paran;
- Yon gadyen ki jeneralman otorize pou aji kòm paran timoun nan. Oswa otorize pou pran desizyon edikasyonèl pou timoun nan (men pa Eta a si timoun nan se yon pwoteksyon Eta a);
- Yon moun k ap aji nan plas yon paran byolojik oswa paran adoptif (ki gen ladan yon granparan, paran pa alyans oswa yon lòt fanmi) timoun nan ap viv ak li a, oswa yon moun ki responsab byennèt timoun nan; oswa
- Yon paran ranplasan yo te nonmen an akò ak §300.519 oswa seksyon 639(a)(5) Lwa a.



# Pwogram Edikasyon Endividyalize a (IEP)


IEP anliy Maryland (MOIEP) lan se yon zouti ki toujou ap evolye pou Edikasyon Lokal ak Ajans Piblik yo itilize pou asire konsistans nan aplikasyon ak règleman federal ak eta a. Yo chèche opinyon asosye kominotè yo ak ekspè nan domèn nan lè yo ap fè amelyorasyon nan fòm yo. Yo fè tout efò yo pou rann fanmi IEP a agreyab pou fanmi yo anvan tout bagay!

## IEP A SEKSYON PA SEKSYON

### Enfòmasyon sou Elèv ak Fanmi

Li enpòtan pou enfòmasyon ki nan paj sa a kòrèk. Paran yo ta dwe analize li ak anpil atansyon epi rasire yo adrès yo, imèl, ak nimewo telefòn yo egzat. Enfòmasyon yo souvan soti nan lòt baz done nan sistèm lekòl la epi yo ka mande pou yon mizajou tout sistèm lan.

| ENFÒMASYON ELÈV AK LEKÒL   |   |
|--|---|
| Prenon: _____ Sounon: _____ Siyati: _____<br>Adrès: _____<br>Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____<br>Klas: _____<br>Nimewo Identifikasyon Inik Elèv (Eta): _____<br>Nimewo Identifikasyon Elèv (Lokal): _____<br>Dat li fèt: <input type="text"/> - <input type="text"/> - <input type="text"/> (MM•JJ•AAAA)<br>Laj: _____ Sèks: <input type="radio"/> GASON <input type="radio"/> FI   | <b>PARAN/GADYEN 1</b><br>Prenon: _____ Inisyal non: _____ Siyati: _____<br>Telefòn Kay: ( ) - _____ Selilè: ( ) - _____<br>Imel: _____<br>Lang matènèl paran an, si se pa Anglè:<br>Ou bezwen entèprèt? <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON<br><b>PARAN/GADYEN 2</b><br>Prenon: _____ Inisyal non: _____ Siyati: _____<br>Telefòn Kay: ( ) - _____ Selilè: ( ) - _____<br>Imel: _____<br>Lang matènèl paran an, si se pa Anglè:<br>Ou bezwen entèprèt? <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON<br>Responsab Ka:<br>Dat Reyinyon Ekip IEP (yo): _____<br>Dat Revizyon Anyèl IEP:<br><input type="radio"/> Yo te bay Paran yon kopi dokiman Pwesedè Garannti Dwa Paran.<br><input type="radio"/> Yo te bay paran yon espikasyon vèbal ak ekri sou dwa ak responsablite<br><input type="radio"/> yo te bay Paran enfòmasyon vèbal ak ekri sou alòs a sèvis abilitatif yo,<br>Gid Administrasyon Adrans Paran yo nan Sèvis Abilitatif Maryland yo,<br>Tradiksyon Lang Matènèl: Paran Enfòm <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON <input type="radio"/> N |
| <b>KÒD GWROUP ETNIK</b><br>Gwoup Etnik: Panyòl oswa Latino <input type="checkbox"/> V6 <input type="checkbox"/> Non<br><input type="checkbox"/> Endyen Ameriken oswa Natifnatal Alaska <input type="checkbox"/> Natifnatal Hawayen oswa lòt Zile Pasifik<br><input type="checkbox"/> Aziyatik <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afriken Ameriken<br><input type="checkbox"/> Blan<br>Elèv ki identifiye kòm Etidyan Anglè: <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON<br>Lang matènèl elèv la: _____<br>Peyi kote li rete: _____<br>Lekòl li frekante: _____<br>Peyi kote li ap sèvi: _____<br>Lekòl li: _____<br>Èske elèv la bezwen yon akomodasyon espesifik pou yon evalyasyon ijans? <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON<br>Si wi, bay akomodasyon evakyasyon(yo) la : _____<br>Ki depatman ki responsab pou peye? _____<br>Èske elèv la ap resevwa swen oswa sou responsablite yo ajans leta? <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON<br>Si wi, bay non ajans lan: _____<br>Èske elèv la bezwen yon paran ranplasan? <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON<br>Non Paran Ranplasan: _____ Telefòn Ranplasan: _____ | Dat Revizyon Anyèl Previ: _____<br>Dat Evalyasyon Pi Resan: _____<br>Dat Evalyasyon yo prewva: _____<br>Andikap Prensipal: _____<br>Zòn Andikap la afekte: _____  |



Analyze enfòmasyon yo ak anpil atansyon. Konfime prezizyon li!



## Enfòmasyon sou Elijiblite

Pwochen seksyon an konsantre sou premye ak kontinyite kalifikasyon pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal yo. Dat pou premye konsantman pou evalyasyon yo, premye kalifikasyon, kategori kalifikasyon, ak baz pou desizyon sa a se yon pati nan seksyon sa a. Kategori kalifikasyon pitit ou a ka chanje ak re-evalyasyon.



Enfòmasyon ki nan seksyon sa a ka chanje. Revize seksyon sa a pou w ka konprann.

## Patisipasyon Nan Evalyasyon nan Distri/Atravè Eta a ak Enfòmasyon sou Gradyasyon

Elèv yo ka gradye ak yon diplòm lekòl segondè oswa yon sètifika fen pwogram. Yo dwe eksplike paran yo egzijans gradyasyon yo chak ane kad nan pwosesis IEP a. Sa a enpòtan paske kalite evalyasyon leta elèv la ap patisipe ladan chak ane ap fè konnen si yo pral satisfè sèten kondisyon pou gradyasyon. Konsantman paran yo obligatwa si ekip IEP a te detèmine yon elèv pral patisipe nan yon evalyasyon eta ki rann li pa posib pou yon elèv jwenn yon diplòm (yo rele Evalyasyon Altènatif [Alternate Assessment]). Pou plis enfòmasyon sou sijè sa a, al gade nan Bilten Asistans Teknik 19-07, *Amelyore rezilta pou elèv ki gen gwo andikap serebral ak 17-02, Konsantman Paran dapre Lwa Maryland.*

| PATISIPASYON ELÈV NAN EVALYASYON DISTRIK/TOUT ETA A AK ENFÒMASYON GRADYASYON   |  |
|--|--|
| Yo esplike paran yo kondisyon gradyasyon yo <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON<br>Ou ka jwenn kondisyon pou gradyasyon Eta a nan <a href="http://www.marylandpublicschools.org">www.marylandpublicschools.org</a> .  |  |
| Ekri nenpòt lòt kondisyon gradyasyon lokal yo: _____   |  |
| <b>KATEGORI SOTI YO PREVWA:</b><br>Elèv la pral soti avèk: <input type="radio"/> Diplòm Lekòl Segondè Maryland<br>(Chwazi tout sa ki aplike)<br><input type="checkbox"/> ak 2 kredi nan Lang Mond lan, ki ka gen ladan Langaj Siy Ameriken<br><input type="checkbox"/> Avèk 2 kredi pou Teknoloji Avanse<br><input type="checkbox"/> ak siksè fen pwogram edikasyon teknik ak karyè Leta apwouve<br><input type="radio"/> Sètifika Fen Pwogram lan nan fen ane lekòl la tè elèv gen 21 an<br><input type="radio"/> Sètifika Fen Pwogram lan anvan fen ane lekòl la tè elèv la vin gen 21 an (Chwa Paran an ak elèv la) |  |
| <b>PROJEKSYON DAT SÒTI:</b><br>Elèv la ap patisipe nan yon pwogram _____ lane e li prewa sòti/gradye nan lekòl la _____ (mwa, jou, ane) Nan sòti, elèv la pral resewa yon R ladan sikse akademik, pèfòmans fonksyonèl, akomodasyon, ak pwogrè sou objektif apre lekòl segondè.<br>Èske yo te enfòmè elèv la ak paran yo ke dwa dapre IDEA yo pa transfere bay elèv ki gen andikap lè yo rive nan laj majorite, eksepte nan sikonstans limit 412.1, Kòd Anote Maryland? <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> N/A  |  |
| <b>PLAN POU PATISIPASYON NAN PWOGRAM EVALYASYON KONPREYANSIF MARYLAND (mcap) POU YO ADMINISTRE PANDAN TÈM IEP AKTYÈL LAN</b><br>Elèv la pral patisipe nan pwogram evalyasyon konpreyansif maryland (mcap) pou klas 3yèm jiska 8yèm ane<br>Lang anglè/alfabetizasyon <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON Matematik <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON Syans sosyal (Byèm ane sèlman) <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON  |  |
| Elèv la pral patisipe nan pwogram evalyasyon konpreyansif maryland (mcap) pou lekòl segondè<br>Alfabetizasyon/Atizay Lang Anglè <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON Aljèb <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON Syans <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON Gouvènman <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON  |  |



Tout sa yo se desizyon ki trè enpòtan ki afekte pitit ou anpil tan apre li fin kite lekòl.

## Nivo Akonplisman Akademik Aktyèl ak Pèfòmans Fonksyonèl (PLAAFP): Pati I

Nivo Akonplisman Akademik Aktyèl ak Pèfòmans Fonksyonèl (PLAAFP) se fondman tout IEP a. Ou dwe konnen ki kote elèv la ye pou w konnen ki kote ou vle yo ale. Seksyon sa a nan IEP a gen plizyè sous done ki depann de zòn ki reflete a. Ta dwe gen yon seksyon pou chak domèn enpak yo, tankou sante, akademik, sosyal/emosyonèl, konpòtman, motè, kominikasyon, tranzisyon, ak nenpòt lòt domèn ki pral bezwen travay pandan jounen lekòl la. Yo pral adrese chak domèn enpak yo ak yon objektif, èd siplemantè ak sèvis, oswa akomodasyon sou IEP a, eksepte pou yon PLAAFP sante, ki ka adrese atravè yon Plan Sante, sèvis, oswa enfòmasyon paske kondisyon sante a ka afekte elèv la pandan jounen lekòl la men yo pa adrese sa regilyèman nan anviwònman lekòl la. PLAAFP akademik yo dwe gen ladan yo pèfòmans nivo klas yo elèv nan tout domèn lekti, matematik, ak lang ekri.



Seksyon PLAAFP la, se fondman IEP a

## Nivo Akonplisman Akademik Aktyèl ak Pèfòmans Fonksyonèl: Pati II

Seksyon sa a gen twa pati: (1) opinyon paran yo; (2) fòs, enterè, akonplisman pèsònèl, ak karakteristik elèv yo andeyò anviwònman lekòl la; epi (3) deklarasyon enpak la. Yo souvan bay opinyon paran yo anvan reyinyon an, alekri, epi yo ta dwe analize yo pandan reyinyon an. Paran yo bay opinyon yo tou pandan reyinyon an. Yo ta dwe konsidere sa tou nan seksyon sa a.

Li enpòtan pou manm ekip IEP yo konnen kèk bagay sou pitit ou a andeyò de aktivite lekòl yo. Pa egzanp, kisa yo fè andeyò lekòl la? Èske yo te ranpòte yon prim? Èske yo swiv yon ekip espò espesifik? Èske yo gen gwo enterè ki ka gide aktivite tranzisyon yo? Yo ka itilize tout bagay sa yo pou motivasyon, men tou pou w konnen pitit ou a epi devlope yon relasyon avèk yo.

Deklarasyon enpak la se yon pati enpòtan nan IEP a. Deklarasyon enpak la ta dwe konplè epi konekte done ki nan PLAAFP la ak fason andikap elèv la afekte yo nan salklas la. Pa egzanp, si yon elèv gen difikilte ak kalkil matematik, sa ka afekte kapasite yo pou yo kalkile reyalyte matematik yo avèk prezilyon nan klas matematik e petèt chimi ak fizik.

### KI GEN LAJ POU LEKÒL - NIVO AKTYÈL AKONPLISMAN AKADEMIK AK PÈFÒMANS FONKSYONÈL

Ki opinyon paran yo konsènan pwogram edikasyonèl elèv la? (Sa enkli tranzisyon segondè, akademik, fonksyonèl, sosyal/emosyonèl, ak konpòtman)

---

---

---

---

---

Ki fòs elèv la, domèn enterè, atribi pèsònèl enpòtan, ak reyalyzasyon pèsònèl? (Enkli preferans ak enterè pou rezilta apre lekòl, si sa apwopriye.)



Paran yo ka bay opinyon yo anvan ak pandan reyinyon IEP a.



## Sèvis Tranzisyon Segondè yo

Depi jou yon timoun kòmanse lekòl, y ap prepare pou pwochen etap la. Kit se pou etid siperyè, karyè, oswa kominote, tout sa elèv la aprann depi nan kòmansman karyè eskolè yo prepare yo pou ki chemen yo pral pran ak kijan yo pral kontribye lè yo fè tranzisyon soti nan lekòl la. Nan Maryland, pwosesis tranzisyon ofisyèl la kòmanse apati laj 14 an. IEP a gen ladan plizyè seksyon ki dedye pou tranzisyon segondè; Preferans/Enterè/Konpetans Elèv la, Aktivite Tranzisyon yo, Pwogram Etid, Lyen Ajans yo. Tanpri, gade Gid Familyal pou Tranzisyon Segondè a pou plis enfòmasyon detaye.

## Konsiderasyon Espesyal

Seksyon Konsiderasyon Espesyal la dokimante plizyè eleman enpòtan nan pwogram edikasyon pitit ou a:

- Bezwen nan kesyon kominikasyon;
- Bezwen nan Teknoloji Asistans;
- Sèvis pou elèv yo ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon;
- Sèvis pou elèv ki soud oswa ki pa tande byen;
- Bezwen sou konpòtman, enkli itilizasyon kontrent oswa izolasyon; epi
- Sèvis pou elèv k ap aprann anglè yo.



|   |                                    |                                 |
|---|------------------------------------|---------------------------------|
| <b>KOMINIKASYON</b> (obligatwa)   |                                    |                                 |
| Èske andikap elèv la afekte kominikasyon li? <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON<br>(Si wi, dekrè rapidman kijan yo ap trete bezwen sou kominikasyon an nan IEP a.)  |                                    |                                 |
| Èske elèv la gen yon mwayen fyab pou kominikasyon senbolik (pa egzanp, lapawòl, langaj siy, kominikasyon asiste)? <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON<br>(Si non, dekrè objektif yo, sèvis yo oswa lòt sipò yo ap bay pou devlope kominikasyon ki efikas.) |                                    |                                 |
| <b>TEKNOLOJI ASISTIVE (NAN)</b> (obligatwa)   |                                    | <b>KOMINIKASYON</b> (obligatwa) |
| Konsidere aparèy (yo) ak sèvis (yo) AT ki nesese pou ogmante, kenbe oswa amelyore kapasite fonksyonèl yon elèv ki gen yon andikap.  |                                    |                                 |
| Desizyon(yo):   | Nesesite yon <b>aparèy AT (yo)</b> | Nesesit                         |
| <input type="radio"/> Elèv la pa bezwen aparèy AT oswa sèvis AT.  | Non                                |                                 |
| <input type="radio"/> Elèv la pa bezwen aparèy AT men bezwen sèvis AT (yo).   | Non                                | Yo bezwen kc                    |
| <input type="radio"/> Elèv la bezwen aparèy AT (yo) epi li bezwen sèvis AT (yo).  | Wi                                 | Sèvis yo ka adrese ai koleksyon |
| <input type="radio"/> Elèv la bezwen aparèy AT (yo) men li pa bezwen sèvis AT (yo).   | Wi                                 |                                 |



Yo ka itilize izolasyon sèlman nan sikonstans trè espesifik pou elèv yo mete nan lekòl ki pa lekòl piblik yo.



## Karakteristik Aksesibilite Enstriksyonèl ak Evalyasyon yo

Seksyon sa a nan IEP a gen plizyè sou-seksyon. Premyèman, gen karakteristik aksesibilite, ki disponib pou TOUT elèv yo. Pou elèv ki gen yon IEP, sepandan, si karakteristik yo fè pati IEP yo a, yo dwe bay yo, pa sèlman disponib. Se poutèt sa, ekip IEP a dwe konsidere yo chak epi detèmine si yo se yon eleman obligatwa nan pwogram edikasyon elèv la. Gen kèk karakteristik aksesibilite yo dwe idantifye davans pou prepare elèv la ak anplwaye yo.

Pwochen sou-seksyon an gen prezantasyon sou akomodasyon ki ka itilize sèlman pou elèv ki gen IEP yo oswa Plan Seksyon 504 yo. Yo dwe sipòte akomodasyon sa yo selon bezwen ki reflekte nan PLAAFP elèv la, epi yo itilize yo pandan ansèyman, evalyasyon salklas, ak nan evalyasyon eta a.

Pwochen sou-seksyon an gen mezi sou akomodasyon ki ka itilize sèlman pou elèv ki gen IEP oswa Plan Seksyon 504 yo. Kèk nan

akomodasyon sa yo gen egzijans ki strik parapò a lè yo ka mete yo nan yon IEP. Pa egzanp, yon aparèy pou kalkile nan yon seksyon kalkil nan yon evalyasyon, oswa yon lektè imen sou yon evalyasyon alfabetizasyon. Yo dwe sipòte akomodasyon sa yo selon bezwen ki reflekte nan PLAAFP elèv la, epi itilize yo pandan ansèyman, evalyasyon salklas, ak nan evalyasyon leta yo.

Sou-seksyon final la gen akomodasyon ki lye ak delè yo. Yo dwe sipòte akomodasyon sa yo tou selon bezwen ki reflekte nan PLAAFP elèv la, epi itilize yo pandan ansèyman, evalyasyon salklas, ak nan evalyasyon leta yo.

Kèk nan libellé akomodasyon yo ka pa klè oswa pa vle di egzakteman sa ou ta panse. Mande yon eksplikasyon pou w ka asire w.



**Sonje:** Yo ta dwe itilize sipò sa yo pandan enstriksyon ak evalyasyon yo.

## Èd Siplemanntè, Sèvis, Modifikasyon Pwogram ak Sipò yo

Seksyon sa a nan IEP a gen ladan eleman esansyèl nan ansèyman espesyalize. Men kote yo modifiye enstriksyon yo pou satisfè bezwen inik elèv ou a. Sipò ki nan seksyon sa a gen ladan l:

- Sipò Ansèyman yo;
- Modifikasyon Pwogram yo;
- Sipò Sosyal/Konpòtmantal yo;
- Sipò Fizik/Anviwònmantal yo; ak
- Sipò Pèsonèl Lekòl/Paran yo.

Pou chak èd siplemanntè, sèvis, modifikasyon pwogram, ak sipò, ekip la dwe idantifye kote a ak yon deskripsyon sou fason yo chak pral aplike. Gen plis enfòmasyon ki nesèsè pou seksyon Pèsonèl Lekòl la/Sipò Paran yo.

Seksyon sa a egzije tou pou ekip la detèmine frekans aplikasyon an, founisè yo, ak dire sipò yo.



Tranzisyon an, Karakteristik Aksesibilite yo, Èd Siplemanntè yo, Sèvis yo, Modifikasyon Pwogram yo ak Sipò yo, Objektif yo, ak Sèvis yo, gen ladan yo dispozisyon pou aplikasyon pandan fènti pwolonje lekòl yo.



”

Lè paran yo pataje vizyon yo, sa pèmèt yo pataje kèk enfòmasyon pèsonèl sou espwa timoun nan pou lavni. Enfòmasyon sa a bay bon lide epi pèmèt ekip IEP a wè elèv sa a plis pase yon dyagnostik oswa yon etikèt.

—Wendy Taylor



## Ane Lekòl Pwolonje

Se pa tout elèv ki kalifye pou sèvis pou Ane Lekòl Pwolonje (ESY) yo. ESY pa lekòl dete epi elèv yo pa resewva kredi pandan sèvis ESY yo. Elèv yo ki elijib pou ESY se sila yo ki gen pwogrè yo an danje pandan ane eskolè kap vini an akòz gwo bak ki te fèt nan vakans pandan ane lekòl aktyèl la ak kantite tan elèv la te pran pou li retounen kote yo te ye anvan vakans lan. Elijiblite pou ESY se yon desizyon ki baze sou done yo. Ekip IEP a pral detèmine si elèv ou a kalifye pou sèvis yo. Objektif ESY a se pou kenbe konpetans yo, pa pou avanse yo, pou lè pwochen ane lekòl la kòmanse, elèv la kapab amelyore konpetans yo gen kounye a.

### ANE LEKÒL PWOLONJE (ESY)

Ekip IEP a ta dwe detèmine si nenpòt nan faktè ki anba yo ap mete an danje kapasite elèv la pou l resewva kèk benefis nan pwogram edikasyon elèv la pandan ane lekòl regilye a, si elèv la pa resewva sèvis ESY. Sèvis ESY yo se ekstansyon endividyalize pou edikasyon espesyal espesifik ak sèvis ki gen rapò ke yo bay apre ane eskolè nòmal ajans piblik la, dapre IEP a, san okenn frè pou paran yo.

Desizyon ESY an Ranwaye

**Lè w ap konsidere ESY, reponn WI oswa NON epi dokimante desizyon an:**

1. Èske IEP elèv la gen ladan objektif anyèl ki gen rapò ak konpetans enpòtan pou lavi?  WI  NON

Diskisyon pou sipòte desizyon: \_\_\_\_\_

1a. Èske gen yon chans pou yon rediksyon konpetans lavi kritik ki te koze pa vakans lekòl nòmal la ak yon echèk pou rekiperè konpetans sa yo ki pèdi nan yon tan rezonab?  WI  NON

Diskisyon pou sipòte desizyon: \_\_\_\_\_

1b. Èske elèv la demontre yon degre pwogrè nan metriz objektif IEP ki gen rapò ak konpetans enpòtan pou lavi?  WI  NON

Diskisyon pou sipòte desizyon: \_\_\_\_\_

2. Èske gen yon prezans konpetans ki ap devlope oswa opòtinite reyis?  WI  NON

Diskisyon pou sipòte desizyon: \_\_\_\_\_

3. Èske gen konpòtman ki jennen anpil?  WI  NON

Diskisyon pou sipòte desizyon: \_\_\_\_\_



Elijiblite pou sèvis pou Ane Lekòl Pwolonje a se yon desizyon ekip IEP a pran ki baze sou done.

## Objektif Anyèl yo

Objektif anyèl yo baze sou bezwen elèv la yo idantifye nan PLAAFP la. Objektif yo se domèn priyorite ki pèmèt elèv la diminye diferans ki genyen ant pèfòmans yo ak estanda nivo klas yo. Yo endividalize objektif yo epi yo gen 5 eleman: (1) kondisyon kote yo pral aplike ak mezire objektif la; (2) aksyon oswa konpòtman mezirab la; (3) delè yo pral travay sou objektif yo; (4) metòd pou mezire a; epi (5) kritè pou demontre metriz la. Chak objektif yo pral genyen yon seri objektif ki gen ladan yo tou eleman sa yo. Ekip IEP a pral detèmine tou konbyen fwa yo pral rapòte pwogrè sou objektif anyèl yo bay fanmi an. Si elèv la pa fè ase pwogrè pou l atenn objektif la nan peryòd koreksyon an, ekip IEP a dwe rankontre pou diskite sou ki faktè ki afekte pwogrè elèv la epi fè ajisteman ki nesèsè yo nan objektif la oswa nan pwogram edikasyon elèv la, jan sa apwopriye. Pwogrè sou objektif yo enpòtan, sepandan, se sèlman pwogrè sou objektif anyèl yo ke yo rapòte bay fanmi an.



Ekip IEP a dwe rankontre si elèv la pa fè ase pwogrè pou l atenn yon objektif anyèl. Paran yo ta dwe analize rapò sou pwogrè yo ak anpil atansyon pou yo rasire yo elèv yo sou bon wout la.

|   |  |
|---|--|
| <b>OBJEKTIF</b>   | Èske objektif sa a sipòte yon Objektif Tranzisyon Ap? Si wi, idantifye: <input type="checkbox"/> Travay <input type="checkbox"/> Edikasyon <input type="checkbox"/> Fòmasyon |
| Objektif (enklè Kondisyon, Konpòtman, Espas-Tan, Metòd Mezi, ak Kritè): _____   |  |
| Espas-Tan: anvan <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> (MM•JJ•AAAA)   |  |
| Metòd Mezi (Chwazi tout sa ki aplike): <input type="checkbox"/> PWOSEDI ENFÒMÈL - (Zouti/Metòd yo itilize) _____ <input type="checkbox"/> EVALYASYON BAZE SOU KLAS - (Zouti/Metòd yo itilize) _____   |  |
| <input type="checkbox"/> DOSYE OBSERVASYON <input type="checkbox"/> EVALYASYON ESTANDARDRIZE - (Zouti/Metòd yo itilize) _____ <input type="checkbox"/> EVALYASYON PORTFOLIO <input type="checkbox"/> LÒT _____  |  |
| Kritè (Metriz ak Retansyon): Avèk _____ <input type="checkbox"/> Pousantaj (%) Presizyon <input type="checkbox"/> Pousantaj (%) redwi <input type="checkbox"/> Sou _____ esè <input type="checkbox"/> Pousantaj (%) ogmantasyon <input type="checkbox"/> Lòt _____                    |  |
| Objektif ESY? <input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON  |  |
| <b>Planifikasyon IEP pou Kondisyon Ijans:</b> Èske objektif sa a kapab aplike jan sa ekri pandan kondisyon ijans ki lakòz lekòl la fèmti fizikman pou 10 jou oswa plis?<br><input type="radio"/> WI <input type="radio"/> NON Si non, deklè chanjman ki nesèsè nan objektif sa: _____ |  |
| Objektif 1: (enklè Kondisyon, Konpòtman, Espas-Tan, Metòd Mezi ak Kritè): _____   | Objektif 3: (enklè Kondisyon, Konpòtman, Espas-Tan, Metòd Mezi ak Kritè): _____  |



Ekip IEP yo ta dwe gen gwo atant pou elèv la epi kreye objektif ki anbisye ak ase difisil pou elèv la fè bon jan pwogrè.



PLAAFP yo a gide ansèyman ki fèt espesyalman pou elèv ou a ak sèvis ki lye yo.

## Sèvis

Ekip la ap detèmine sèvis elèv ou bezwen, tankou ansèyman ki fèt espesyalman ak sèvis ki asosye yo, pou resevwa yon Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis (FAPE). Yo ka bay sèvis yo andedan anviwònman edikasyon jeneral la oswa nan yon anviwònman separe. Ekip la ap deside tou kiyès ki pral bay sèvis sa yo, kit se yon edikatè espesyal, yon edikatè jeneral, yon asistan ansèyman, yon founisè sèvis ki gen rapò ak yon lòt moun, oswa yon konbinezon manm pèsònèl la, ak dire sèvis yo.

## Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon

Youn nan manda IDEA a se pou yo edike elèv yo ak kamarad yo ki pa andikape nan pi plis tan jan sa posib. Yo rele sa, lè w nan Anviwònman ki fen Mwens Restriksyon (LRE). Rechèch yo te montre gen anpil avantaj pou tout elèv yo lè yo edike nan yon anviwònman enklizif.

Avantaj yo ka sosyal, akademik, emosyonèl, fizik, konpòtmantal, epi gen lòt efè pozitif. Enklizyon ede tout elèv yo grandi. Si ekip IEP a detèmine yo dwe retire yon elèv nan anviwònman edikasyon jeneral la pou nenpòt ki kantite tan, yo dwe jistifye desizyon sa a epi konsidere malè potansyèl ki genyen lè yo retire elèv la. Baz pou desizyon pou retire elèv la nan anviwònman edikasyon jeneral la gide pa bezwen elèv la jan sa reflekte nan PLAAFP la.

**REZIME POU DESIZYON a PLASMAN NAN YON ANVIWONMAN KI MWENS RESTRIKTIF (LRE)**  
 Yo pa retire yon elèv ki gen yon andikap nan edikasyon jeneral nan kad yon ansèyman ki apwopriye pou laj li sèlman akòz chanjman ki nesese nan kourikoulòm Chak ajans piblik dwe asire yo ke:

(i) Toutotan sa posib, timoun ki gen andikap yo, sa enkli timoun ki nan enstitisyon piblik oswa prive yo oswa lòt etablisman pou swen, ap resevwa edikasyon a (ii) Klas espesyal yo, lekòl separe, oswa lòt fòm retrè timoun andikape yo de anviwònman edikasyon regilye a ap fèt sèlman si nati oswa severite andikap la r regilye ak itilizasyon ed ak sèvis siplemantè yo pa ka fèt yon fason ki satisfèzan.  
 34 CFR § 300.114

Fè lis TOUT opsyon pou plasman yo ke Ekip IEP a te konsidere. \_\_\_\_\_  
 Endike opsyon plasman yo te chwazi a. \_\_\_\_\_  
 Endike Anviwònman ki gen mwens Restriksyon yo te chwazi a. \_\_\_\_\_

Plasman edikasyon espesyal (laj preskolè 3-5):

PRATISPE NAN YON PWOGRAM REGILYE POU TIMOUN PITI POU OWIEN 10 ÈDTAN PA SEMÈN EPI RESEVWA MAJORITE EDIKASYON ESPESYAL AK SÈVIS KI ASOSYE NAN ANVIWONMAN SA A  
 PRATISPE NAN YON PWOGRAM REGILYE POU TIMOUN PITI POU OWIEN 10 ÈDTAN PA SEMÈN EPI RESEVWA MAJORITE EDIKASYON ESPESYAL AK SÈVIS KI ASOSYE NAN ANVIWONMAN SA A  
 PRATISPE NAN YON PWOGRAM REGILYE POU TIMOUN PITI POU OWIEN 10 ÈDTAN PA SEMÈN EPI RESEVWA MAJORITE EDIKASYON ESPESYAL AK SÈVIS KI ASOSYE NAN ANVIWONMAN SA A  
 LOKAL FOUNISÈ SÈVIS  KLAS SEPARÈ  LEKÒL PRIVE SEPARÈ PA JOU  ETABLISMAN REZIDANSYÈL PRIVE  
 LAKAY  LEKÒL PIBLIK SEPARÈ PA JOU  ETABLISMAN REZIDANSYÈL PIBLIK

Plasman edikasyon espesyal (laj pou lekòl K-12):

{ Total kantite tan semèn Lekòl: \_\_\_\_\_ èdtan \_\_\_\_\_minit/semè } - { Total kantite tan deyò nan Edikasyon Jeneral: \_\_\_\_\_Lè, \_\_\_\_\_minit/semèn } = { Total tan nan Edikasyon Jeneral: \_\_\_\_\_Lè

Mwayen \_\_\_\_\_%/day

ANDAN EDIKASYON JENERAL (80% oswa plis)  LEKÒL PIBLIK SEPARÈ PA JOU  ETABLISMAN REZIDANSYÈL PRIVE  P  
 ANDAN EDIKASYON JENERAL (40% - 79%)  LEKÒL PRIVE SEPARÈ PA JOU  MARELAKAY/LOPITAL  
 ANDAN EDIKASYON JENERAL (mwens ke 40%)  ETABLISMAN REZIDANSYÈL PIBLIK  ETABLISMAN KOREKSYONÈL

Dokiman baz pou detèminasyon LRE a, epi si yo retire l nan pwogram regilye timoun piti/anviwònman edikasyon jeneral, eksplicite rezon yo ki fè yo pa ka founi sè sèvis siplemantè yo.

Endike moman/aktivite espesifik elèv la pa p patisipe ak kamarad ki pa andikape yo nan aktivite akademik, ki pa akademik, ki andeyò kourikoulòm lan yo oswa klike

NA (enkli 100% nan jounen an)

Lè w ap chwazi LRE a, èske gen nenpòt efè danjere sou elèv la oswa sou kalite sèvis li bezwen?  WI  NON



MSDE sipòte tout anviwònman aprantisaj kontinyèl pou satisfè bezwen endividyèl tout elèv yo.

Si w bezwen èd pou w konprann nenpòt pati nan IEP elèv ou a, kontakte Ekip Sipò pou Fanmi an nan 410-767-0255.

## Glosè Tèm yo

### **Karakteristik Aksesibilite yo**

Sipò ki disponib pou tout elèv pandan ansèyman ak evalyasyon yo, men lè yo enkli nan yon IEP, yo dwe founi yo bay elèv la.

### **Ane Lekòl Pwolonje (ESY)**

Sèvis yo ofri pi lwen pase ane lekòl regilye a oswa jou ki pèmèt elèv la kenbe konpetans yo epi anpeche gwo bak ki pral mete an danje pwogrè yo a pou ane lekòl k ap vini an.

### **Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis (FAPE)**

Timoun ki elijib pou edikasyon espesyal yo gen dwa a yon Edikasyon Piblik Gratis. Sa vle di sèvis ak sipò yo ki satisfè bezwen inik yo bay gratis.

### **Pwogram Edikasyon Endividyalize a (IEP)**

Sa a se yon plan ekri ki esplike sèvis yo ak enstriksyon espesyalize timoun nan pral resevwa.

### **Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon (LRE)**

Koresponn ak nan ki pwen elèv la pral edike ak kamarad li yo ki pa andikape.

### **Nivo Akonplisman Akademik Aktyèl ak Pèfòmans Fonksyonèl (PLAAFP)**

Konpozan IEP a. Done yo kolekte nan plizyè sous ki reflekte fòs ak bezwen elèv la epi ki pral gide pwogram edikasyonèl yo a.

### **Edikasyon Espesyal**

Ansèyman ki fèt espesyalman ak sèvis asosye ki fèt pou satisfè bezwen inik elèv la.





## Yon Lis Kontwòl pou **Paran yo**

### **OU KA REPONN "WI" POU KESYON SA YO?**

Konprann pwosesis IEP Maryland lan enpòtan anpil pou patenarya w ap genyen ak lekòl elèv ou a. Si w pa ka reponn “wi” pou nenpòt nan kesyon ki pi ba yo, responsab dosye elèv ou a oswa Kowòdonatè Sèvis Sipò Lokal pou Fanmi yo kapab ede w!

#### **Pwosesis Edikasyon Espesyal la**

- Èske mwen konprann pwosesis edikasyon espesyal la nan Maryland—ki gen ladan rekòmandasyon, evalyasyon, devlopman IEP, rapò sou pwogrè yo, revizyon anyèl, delè yo, dwa parantal/regleman pwosedi yo?
- Èske mwen konprann pwosesis evalyasyon an ak kijan yo detèmine kalifikasyon an?
- Èske mwen konprann wòl mwen nan pwosesis evalyasyon an?
- Èske mwen te konnen mwen ka pataje enkyetid mwen ak priyorite mwen nan planifikasyon pou evalyasyon pitit mwen an?
- Èske mwen konprann mwen dwe bay konsantman alekri pou evalyasyon an?
- Apre pwosesis evalyasyon an, èske mwen konprann wòl mwen nan devlope IEP a?
- Èske mwen konprann poukisa pitit mwen an elijib pou ak kijan pitit mwen an ka benefisye edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo?
- Si yo te jwenn pitit mwen an PA elijib pou sèvis edikasyon espesyal yo, èske mwen konprann poukisa?
- Si yo te jwenn pitit mwen an PA elijib pou sèvis edikasyon espesyal yo, èske mwen konnen ki lòt resous ki ka disponib pou pitit mwen an, si sa nesèsè?

#### **Pwogram Edikasyon Endividyalize a (IEP)**

- Èske mwen konprann objektif IEP a?
- Èske mwen konprann wòl mwen nan ekip IEP a?
- Èske mwen konnen delè pou konplete ak revize IEP a? Èske mwen konprann mwen ka mande yon revizyon IEP a nenpòt ki lè?





- Èske mwen konprann objektif IEP a pou pitit mwen an, ak ansèyman ak sèvis ki fèt espesyalman an yo pral itilize pou atenn objektif yo?
  - Èske mwen konprann kijan objektif yo ka ede prepare pitit mwen an pou l vin pare pou etid siperyè, kominote ak karyè?
  - Èske mwen konnen ki lè sèvis yo pral kòmanse, konbyen fwa ak ki kote yo pral bay yo, ak pou konbyen tan?
  - Èske mwen konprann mwen dwe bay konsantman alekri nan premye IEP a pou sèvis yo ka kòmanse?
  - Èske mwen konnen mwen ka refize tout sèvis IEP yo?
  - Èske mwen konnen kijan yo pral detèmine pwogrè yo?
- Patisipasyon Paran yo: Patisipe Totalman nan Pwosesis IEP a**
- Si mwen bezwen enfòmasyon ki pataje nan lang natif natal mwen oswa atravè yon mòd kominikasyon tankou langaj siy, èske ekip IEP lokal la reponn bezwen mwen an?
  - Èske mwen konprann kijan mwen ka ede pitit mwen an aprann lè mwen kolabore ak lekòl la?
  - Èske mwen konnen kisa pou m fè si mwen gen yon enkyetid konsènan pwogram edikasyon pitit mwen an?
  - Èske mwen okouran de pwogram defans ak sipò pou fanmi yo ak kijan pou mwen jwenn yo?
- Èske mwen konnen kijan yo pataje enfòmasyon edikasyonèl ak kijan yo kenbe dosye pitit mwen an konfidansyèl?
  - Èske mwen sere dokiman ak nòt ki enpòtan pou pwogram edikasyon pitit mwen an?  
Dokiman ki gen ladan:
    - IEP aktyèl ak anvan yo
    - Rapò evalyasyon medikal yo
    - Rapò evalyasyon yo
    - Avi sou Dwa Paran/Regleman Pwosedi yo
    - Fòmilè divilgasyon enfòmasyon yo siyen yo
    - Nòt anseyan yo
    - Kominikasyon ki soti nan men founisè sèvis yo
    - Nòt nan reyinyon ekip IEP yo
    - Nòt nan konvèsasyon telefòn yo
  - Èske mwen konnen Maryland gen yon rezo kowòdonatè Sèvis Sipò pou Fanmi (FSS) nan tout eta a? Kowòdonatè FSS yo disponib pou ede fanmi ki gen timoun ki gen andikap lè yo:
    - Reponn kesyon sou entèvansyon prekos ak sèvis edikasyon espesyal
    - Sipòte fanmi yo nan planifikasyon pou tranzisyon an
    - Bay plis enfòmasyon sou rezolisyon dezakò yo



# E si Mwen Gen Kèk Kesyon oswa **Mwen Bezwen Èd?**

## KOWÒDONATÈ LOKAL SÈVIS SIPÒ POU FANMI YO

| AJANS EDIKASYON LOKAL YO   | DAT NESANS JISKA 5 LANE | LAJ SOTI 5 RIVE 21 LANE |
|--|-------------------------|-------------------------|
| Allegany   | 240-920-6829            | 240-920-6829            |
| Anne Arundel   | 410-562-6303            | 410-424-3258            |
| Baltimore City   | 410-396-1666            | 443-642-3848            |
| Konte Baltimore  | 443-809-9696            | 443-809-5443            |
| Calvert  | 443-550-8406            | 443-550-8375            |
| Caroline   | 410-479-3609            | 410-479-3609            |
| Carroll  | 410-751-3955            | 410-751-3955            |
| Cecil  | 410-996-5637            | 410-996-5637            |
| Charles  | 301-934-7456            | 301-934-7456            |
| Dorchester   | 410-901-6915            | 410-901-6915            |
| Frederick  | 240-578-1244            | 240-236-8744            |
| Garrett  | 301-533-0240, x2        | 301-914-1351            |
| Harford  | 410-273-5579            | 410-273-5579            |
| Howard   | 410-313-7161            | 410-313-7161            |
| Kent   | 410-778-5708            | 410-778-5708            |
| Montgomery   | 240-777-4809            | 240-753-9487            |
| Prince George's  | 240-521-5054            | 301-431-5675            |
| Queen Anne's   | 410-556-6103, x10       | 410-758-2403, x135      |
| Somerset   | 410-651-1616, x11385    | 410-651-1616, x11385    |
| St. Mary's   | 301-475-5511, x32218    | 240-309-4113            |
| Talbot   | 410-822-0330            | 410-822-0330            |
| Washington   | 301-766-8221            | 301-766-8221            |
| Wicomico   | 410-677-5250            | 410-677-5250            |
| Worcester  | 410-632-5234            | 410-632-5234            |
| Lekòl pou Avèg Maryland<br>(Maryland School for the Blind)                     | 410-444-5000, x1489     |                         |
| Lekòl Maryland pou Moun Soud<br>(Maryland School for the Deaf)                 | 443-277-8899            |                         |
| Depatman Edikasyon Eta<br>Maryland (Maryland State<br>Department of Education) | 410-767-0255            |                         |

## **MARYLAND STATE DEPARTMENT OF EDUCATION**

### **Mohammed Choudhury**

Sipèentandan Lekòl Eta a [State Superintendent of Schools]

### **Doktè Deann Collins**

Sipèentandan Adjwen pou Biwo Ansèyman ak Aprantisaj [Deputy Superintendent for Office of Teaching and Learning]

### **Clarence C. Crawford**

Prezidan, Konsèy Edikasyon Eta Maryland [Maryland State Board of Education]

### **Wes Moore**

Gouvènè

© 2023 Depatman Edikasyon Eta Maryland

Maryland State Department of Education, Divizyon Entèvansyon Rapid ak Sèvis Edikasyon Espesyal [Division of Early Intervention and Special Education Services] te devlope piblikasyon sa a ak lajan ki soti nan Depatman Ameriken pou Edikasyon [U.S. Department of Education], Sibvansyon #H393A090124A, Sibvansyon Edikasyon Espesyal pou Tibebe ak Fanmi “Fon Rekouvremant” dapre PL 105-17/111-5 Lwa sou Edikasyon Moun Andikape/Lwa Ameriken pou Rekiperasyon ak Reenvestisman [Individuals with Disabilities Education Act/American Recovery and Reinvestment Act]. The Maryland State Department of Education, Division of Early Intervention and Special Education Services se ajans k ap jere Pwogram Maryland Infants and Toddlers la, pwogram sèvis ak sipò nan tout eta a ki kowòdone pa Leta ak ajans lokal ak òganizasyon yo. Itilizatè ki kopye oswa pataje enfòmasyon ki nan piblikasyon sa a dwe site Maryland State Department of Education, Division of Early Intervention and Special Education Services, Doktè Deann Collins, Deputy Superintendent for Office of Teaching and Learning kòm sous li.



410-767-0100



[www.marylandpublicschools.org](http://www.marylandpublicschools.org)



200 West Baltimore Street  
Baltimore, MD 21201-2595